Chaque enseignant doit lire l'intégralité des programmes de sa discipline sans se limiter au niveau où il exerce. Les programmes forment un tout et on ne peut isoler une étape d'un parcours d'apprentissage continu et cohérent. De même, il est souhaitable qu'il prenne connaissance des programmes des autres disciplines pour coopérer efficacement avec les autres enseignants.

Il s'agit d'abord de lire les programmes de manière à pouvoir répondre clairement à cinq questions :

- Quelle est l'utilité de la discipline au service de ce qui est attendu des élèves à la sortie de l'enseignement fondamental ?
- Quelles sont les compétences que tous les élèves doivent maîtriser à la fin de la 9e année ?
- Pour chaque compétence, qu'est-ce qui est attendu précisément et que doit-on faire pour cela ? Quelle stratégie mettre en place ?
- Comment évaluer que chaque élève progresse dans la maîtrise de ces compétences ?
- Quelles sont les étapes fixées par le programme ? Quels sont les connaissances, les savoir-faire et les attitudes que l'élève doit acquérir à chaque étape et dont il faut vérifier l'acquisition ?

C'est à partir des réponses à ces questions que l'enseignant va construire et préparer son travail, en planifiant la réalisation de la progression proposée en une succession de séquences⁷, en fixant précisément les résultats attendus de chaque séquence, en déterminant les modalités de leur évaluation et en prévoyant les situations à mettre en place et les supports nécessaires.

Ces programmes imposent une conception de la classe centrée sur l'élève.

⁷ On rappellera qu'une séquence est un ensemble cohérent et continu de séances destiné à mettre en œuvre une partie du programme.

- « **Ce qui importe, ce n'est pas ce que l'enseignant enseigne, mais ce que l'élève apprend.** » Le rôle de l'enseignant est d'organiser les situations d'apprentissage en fonction de la compétence visée, de fournir les supports, les outils et les aides nécessaires, de susciter l'activité des élèves et de suivre sa progression. Son attention est centrée sur les besoins d'apprentissage de chaque élève : que sait-il déjà ? Qu'a-t-il à apprendre ? Progresses-t-il pendant la séance ? Que puis-je faire pour l'aider ?
- **L'élève doit être constamment actif.** Il doit être mobilisé sur des tâches mettant en jeu les compétences concernées et susceptibles de le faire avancer dans les apprentissages : traiter des problèmes, créer, s'exprimer, analyser, échanger, observer, expérimenter, etc. Si des exposés de l'enseignant restent nécessaires, ils doivent être considérés comme une ressource au service des apprentissages et faire l'objet d'une « écoute active ». Ils ne sont plus l'essentiel de l'enseignement, mais un moment d'une séquence dont l'acteur principal est l'élève. Le rôle de l'enseignant est d'aider l'élève à agir et à apprendre.
- **L'élève est le premier responsable de ses apprentissages** : il doit savoir clairement ce qu'il apprend, pourquoi il l'apprend et ce dont il a besoin pour cela. Il réussira d'autant mieux qu'il comprendra ce qu'on attend de lui et le sens de son activité. Il doit être en mesure d'évaluer ses connaissances et ses savoir-faire, de suivre ses progrès ou encore d'identifier les difficultés rencontrées pour mieux les surmonter. Cela impose à l'enseignant de mettre les élèves en situation pour qu'ils assument effectivement la responsabilité de leurs apprentissages, de leur expliquer ce qui justifie l'activité et ce qu'on attend de leur travail ou encore de leur donner les moyens d'évaluer par eux-mêmes la qualité et l'efficacité de ce travail.
- **Aucun élève ne doit être en échec** : la mise en œuvre d'un enseignement centré sur l'élève conduit à adapter les interventions de l'enseignant, donc à différencier les activités, les rythmes d'apprentissage, les aides et les compléments apportés en fonction des situations et des besoins spécifiques des élèves. L'évaluation joue, sur ce point, un rôle essentiel. Elle permet de s'assurer de la progression de chacun et d'adapter, au jour le jour, les parcours d'apprentissage.

Des ressources seront mises à la disposition des enseignants pour faciliter la mise en œuvre de ces programmes. Un « guide de l'enseignant » sera élaboré pour expliquer les changements attendus et fournir des aides pour la conception et la réalisation des activités. Des exemples de séquences seront, par ailleurs, produits et diffusés, accompagnés des supports nécessaires pour les élèves. Ils pourront être utilisés directement par les enseignants mais permettront aussi à chacun de concevoir ses propres séquences.



Domaine des langues et de la communication

LE PLURILINGUISME HAÏTIEN ET SES IMPLICATIONS DIDACTIQUES

Les programmes du domaine « Langues et communication » du cycle 3 de l'école fondamentale visent le développement conjoint des compétences plurilingues des élèves. Le cadre d'orientation curriculaire préconise un éveil à une diversité des langues grâce à laquelle l'élève haïtien « dispose d'une compétence linguistique en créole et en français qui lui permet de communiquer avec aisance, à l'oral comme à l'écrit, en assumant un bilinguisme équilibré... ». Ensuite, « il engage l'apprentissage des deux autres langues de la région, l'anglais et l'espagnol en s'appuyant sur les acquis construits en français et en créole ».

Chacune de ces langues contribue, selon son statut et ses fonctions, au développement du répertoire ainsi que du parcours langagier, plurilingue et pluriculturel de l'élève dans l'espace haïtien et au-delà. La démarche didactique qui en découle consiste à concevoir des possibilités d'articulation dans leur apprentissage. En effet, les liens entre ces quatre langues permettent de mettre en synergie les activités pédagogiques du domaine et de favoriser, lorsque cela est possible, la conduite de projets interdisciplinaires.

Le multilinguisme est présent tout autant dans l'environnement familial et social de l'élève que dans son environnement scolaire, où l'élève dispose déjà de compétences installées en créole puis en français, au moment où il aborde l'apprentissage de l'espagnol et de l'anglais : c'est une première particularité de l'enseignement de ces deux dernières langues. Enrichi de ces deux nouvelles langues et des cultures qui lui sont associées, le répertoire langagier initial des élèves peut ainsi se développer dans une démarche de reconnaissance et de valorisation des compétences acquises dans les différentes langues.

Dans cette optique, l'élève haïtien est amené à réaliser des tâches communicatives concrètes, ayant du sens, à l'oral et à l'écrit, dans les quatre langues-cultures, en relation avec son environnement national, régional et international.

Les stratégies de transfert linguistique participent de cette approche plurilingue. L'apprentissage du français s'appuie sur les connaissances et compétences linguistiques développées en créole haïtien. De même, on mobilise les acquis du créole et du français dans l'apprentissage de l'anglais et de l'espagnol. Ce qui implique des activités de comparaison des systèmes linguistiques en présence et la prise en compte de l'interlangue des apprenants (notamment dans l'analyse des erreurs).

Cette approche plurilingue implique aussi la prise en compte des spécificités méthodologiques : les unes partagées par le créole et le français, les autres communes à l'anglais et à l'espagnol.

En créole et en français, selon le Cadre d'orientation curriculaire, l'élève doit acquérir « une compétence linguistique qui lui permet de communiquer avec aisance, à l'oral comme à l'écrit, en assumant un bilinguisme équilibré : dans l'une et l'autre langue, il comprend les propos de tous ses interlocuteurs et s'exprime de façon claire et bien structurée, y compris sur des sujets complexes, sans hésitation ni confusion. Il rédige sans difficulté, pour raconter, décrire, expliquer et argumenter. [...] Il s'adapte aux situations courantes rencontrées dans sa vie personnelle, sociale et scolaire. »

Les programmes d'étude de deux langues sont construits selon une entrée par genres de discours (narration, description, argumentation...) en rapport avec les pratiques sociales, scolaires culturelles et littéraires de l'univers haïtien et plus largement francophone.

La place dévolue aux deux principales langues de la région, l'anglais et l'espagnol, s'inscrit pleinement dans les finalités de l'éducation haïtienne telles que définies par le cadre d'orientation curriculaire :

- Elles participent de la formation de citoyens responsables en contribuant à l'ouverture aux « valeurs universelles, régionales, caribéennes et aux autres cultures ».
- Elles apportent leur contribution à la gestion du multilinguisme de la société haïtienne, ce qui doit susciter chez les élèves « la curiosité et l'envie de poursuivre leur découverte des langues tout au long de la vie ».
- Elles constituent un outil d'ouverture culturelle et professionnelle vers les pays étrangers : « Les jeunes Haïtiens, dans leur vie future, doivent pouvoir développer des échanges et des relations de travail dans l'espace caraïbe et, au-delà, vers le continent américain ».

Une autre particularité de l'enseignement de l'anglais et de l'espagnol tient au fait qu'il s'agit des tout débuts de l'apprentissage d'une langue étrangère, à raison de deux heures hebdomadaires. C'est pourquoi l'objectif fixé par le cadre d'orientation curriculaire est modeste, celui d'une utilisation immédiate, simple et pratique de la langue : « L'accent sera mis sur la communication », et « Dans chacune de ces langues, [l'élève] comprend et produit des messages simples en utilisant le vocabulaire courant. Il peut participer à une conversation de la vie quotidienne sur des sujets concrets ». Les objectifs sont modestes, mais il conviendra de s'appuyer sur les acquis construits en créole et en français.

L'APPROCHE PAR COMPETENCES DANS LES PROGRAMMES D'ETUDE DES LANGUES

L'approche par les compétences constitue un cadre méthodologique commun pour l'élaboration du curriculum dans ses différentes composantes et dans l'ensemble des disciplines scolaires du cycle 3. Dans son adaptation à l'apprentissage des langues, elle s'actualise selon les principes suivants qui servent à élaborer les programmes d'étude correspondants.

- **On définit un profil de sortie langagier et culturel, décliné en un nombre réduit de compétences** (orales, écrites et de médiation) favorisant chez l'apprenant la communication et l'action dans des contextes d'usage variés liés au statut de chaque langue. Quelles sont, à l'oral et à l'écrit, les situations langagières, culturelles et professionnelles auxquelles l'élève sera confronté au terme du cycle 3 ? Quelles compétences développer chez lui pour qu'il réponde efficacement à ces situations ? Quelles sont les ressources linguistiques, culturelles et méthodologiques dont il aura besoin et qu'il doit mobiliser pour réaliser des tâches de communication qui ont du sens ?
- **On délimite un ensemble de ressources que l'élève met au service de l'acquisition de la compétence.** Dans le domaine des langues, ces ressources sont définies comme suit :
 - **Les savoirs** : des connaissances ou des informations relatives :
 - au fonctionnement de la langue (l'énoncé d'une règle grammaticale...),
 - à un type de texte (les caractéristiques d'un portrait),
 - à un écrivain ou à un fait littéraire ou culturel,
 - Ou encore à une méthode de travail (par ex. comment planifier la production d'un texte).
 - **Les savoir-faire : l'application et l'utilisation ponctuelles d'un savoir** :
 - Des savoir-faire grammaticaux et lexicaux (par ex. varier le vocabulaire en utilisant des synonymes),
 - Des savoir-faire textuels (par ex. introduire un exemple dans une argumentation),
 - Des savoir-faire culturels ou littéraires (par ex. décrire un caractère d'un personnage à partir d'un texte).
 - **Les attitudes** : le respect de l'autre au moment où il prend la parole, le recul critique face à un point de vue...Le moyen de mettre en œuvre ces attitudes est de mettre les élèves en situation de communication ou d'action langagières.
- **On élabore des situations d'apprentissage** par lesquelles on amène l'élève à articuler un ensemble de ressources qui étaient dissociées au départ (dans des séances de grammaire, de lexique, de lecture...), en fonction d'un but visé, en vue d'une tâche de production. Chaque situation renvoie à une tâche plus ou moins

complexe, différente de l'exercice, qui est une activité limitée et ponctuelle : indiquer un itinéraire à un étranger du quartier ; préparer une campagne d'information sur un sujet en rapport avec l'environnement...

Ainsi, être compétent dans une langue donnée, c'est communiquer et agir sur le plan langagier en mobilisant des ressources pertinentes (linguistiques, discursives, culturelles et méthodologiques...) face à des situations variées.

- **On évalue les acquis des élèves, en termes de compétences, à l'aide de situations à gérer**, tout en continuant à évaluer ponctuellement les ressources linguistiques travaillées. L'utilisation du portfolio, qui accompagne le parcours de l'élève dans ses différentes productions langagières plurilingues, peut constituer un outil d'évaluation formative favorisant le réinvestissement continu des acquis.

UNE APPROCHE QUI S'APPUIE SUR UNE PEDAGOGIE DE PROJET

Sur les sept compétences définies dans le cadre d'orientation curriculaire comme profil de sortie du 3^e cycle du fondamental, apparaissent trois compétences qui se trouvent au cœur de tout enseignement moderne des langues dans un environnement multilingue, qu'il s'agisse de langue première, seconde ou étrangère :

- « Communiquer avec aisance dans toutes les situations du quotidien et de ses activités d'élève »
- « Se situer dans la société et agir en citoyen responsable » et
- « Concevoir et réaliser un projet en mobilisant sa créativité et son sens de l'innovation ».

Ces trois compétences correspondent en didactique des langues à trois grandes orientations méthodologiques – l'approche communicative, la perspective actionnelle et la pédagogie de projet – qui sont par ailleurs chacune en cohérence avec l'approche par les compétences, même si chaque langue est amenée à les combiner de manière différente en fonction de ses enjeux et de ses rôles spécifiques dans la société haïtienne. Ces orientations et leur mise en œuvre sont complémentaires parce que le projet pédagogique y assure la mise en synergie de l'ensemble.

En effet, le cadre d'orientation curriculaire fixe « l'éducation à la citoyenneté » comme l'une des finalités principales. Or le projet est, dans tous les domaines, le modèle d'action le plus adapté à l'action sociale, par nature complexe des tâches correspondantes.

Le projet constitue aussi le mode d'action le plus à même de mettre en relation constante et étroite l'environnement scolaire, l'environnement social et plus tard professionnel, et de permettre ainsi immédiatement ce que le cadre d'orientation curriculaire demande à l'éducation, à savoir d'« exercer [les valeurs fondamentales de la société haïtienne]

dans le quotidien de leur classe et de leur établissement pour ensuite les porter dans toutes les dimensions de leur vie personnelle, professionnelle et sociale. »

Enfin, le projet, parce qu'il demande la mobilisation de toutes les ressources disponibles, est l'instrument privilégié de l'interdisciplinarité, dont le cadre d'orientation curriculaire demande la mise en œuvre dès la 7^e année, en particulier parce qu'il est le cadre le plus adéquat pour l'acquisition par l'élève de « compétences transversales ».

Kreyòl

DISIPLIN NAN

Ansèyman kreyòl la kòm disiplin patisipe nan devlopman divès eleman kle nan langaj elèv lekòl an Ayiti ak tout lòt konpetans ki mache ansanm nan twazyèm sik fondamantal la, jan Kad oryantasyon kourikoulòm nan (KOK) defini sa. Pandan twa dènye ane sik fondamantal la, yo anseye kreyòl la kòm lang matènèl nan yon dire de (2) zè chak semèn. Pwogram sa a konsidere lang nan parapò ak idantite moun ki pale li yo, fonksyon li nan sosyete ayisyen an ak divès bezwen elèv yo genyen pou yo kominike.

PWOFIL SÒTI – RELASYON LI AK Lòt DISIPLIN YO (AK KONPETANS TRANSVÈSAL YO)

Après li fin franchi tout etap ki mennen nan fen twazyèm sik fondamantal la, elèv ayisyen an ap kapab sèvi ak lang matènèl li, kreyòl la, san pwoblèm, avèk anpil fasilite, ni lè l ap pale ni lè l ap ekri, nan tout sitiyasyon kominikasyon li gen pou li rankontre.

L ap an mezi pou li sèvi ak divès resous lang kreyòl la ni lè l ap pale ni lè l ap ekri pou li rakonte, dekri, enfòme, esplike, agimante tout sa ki gen rapò ak sityasyon li sou plan pèsònèl, sosyal ak kiltirèl, oswa nan lavi li kòm elèv, e sou plan inivèsèl. L ap an mezi pou li analize epi detèmine divès kontèks yo itilize lang kreyòl la, yon fason pou li rive adapte langaj li ak nenpòt ki sityasyon kominikasyon.

Nan domèn kominikasyon oral, elèv la ap metrize divès teknik pou li tande san li pa distrè, pou repwodui, nan fason pa li, yon diskou li te tande. L ap kapab eksprime, yon fason klè, panse l ak santiman l nan lang matènèl li, epi pataje opinyon l ak lòt moun sou kèk sijè ki konplèks nan divès domèn. L ap an mezi pou li aplike divès règ pou pran lapawòl san lòt moun

pa fè entèkansyon (ekspe, konrandi, narasyon...) oubyen lè gen lòt moun ki fè entèkansyon pa yo nan kominikasyon an (konvèsasyon, reyinyon, deba...) suivan piblik li genyen k ap tande li.

Nan kominikasyon ekri, l ap kapab li, konprann, pwodui divès kategori diskou ki koresponn ak anviwònman sosyal li, kilti ayisyen an, ak reyalyte ki genyen nan rejyon an ak lòt kote ankò. L ap ranmase bon jan konesans sou fonksyònman lang nan (òtograf, vokabilè, fonoloji, mòfoloji, sentaks...) epi devlope bon jan konpetans nan ekri. L ap kapab sèvi ak konesans li te genyen sou lang matènèl la ak lòt konesans metodolojik nan aprantisaj fransè kòm lang segonn (L2) ak lòt lang etranjè yo.

KEK PRENSIP NAN DIDAKTIK KREYOL POU TWAZYEM SIK FONDAMANTAL LA

- Ranfòse konpetans ki la yo epi devlope konpetans tou nèf.

Pwogram sa a mete aksan sou pwofil sòti elèv la ak konpetans li te rive devlope nan sik avan yo. Pandan l ap ranfòse konpetans ki tabli yo, li dwe rive devlope lòt konpetans lengwistik tou nèf nan lang matènèl li pou li kapab kominike pi byen toujou nan lavi li, kit se sou plan pèsònèl, sosyal, oswa kòm elèv, epi alavni, nan lavi pwofesyonèl li.

- Adaptasyon konpetans transvèsal yo nan divès aktivite ansèyman ak aprantisaj.

Yon lòt bò, aktivite ansèyman ak aprantisaj yo ap pèmèt elèv la devlope kapasite pou li analize kèk sitiyasyon, di sa li panse epi entegre valè ki enpòtan pou li antanke moun e pou sosyete a. Nan konpetans transvèsal yo, nou jwenn divès valè esansyèl Kad Oryantasyon Kourikoulòm nan (KOK) defini, tankou : respè youn pou lòt, solidarite, tolerans, konsyans sitwayen, elatriye. Yo pratike valè sa yo nan klas la grasa aktivite ansèyman ak aprantisaj yo, epi ansuit pou yo mete yo an aplikasyon nan divès sityasyon nan lavi pèsònèl ak sosyal yo.

- Òganizasyon pwogram nan suivan kategori diskou yo.

Genyen uit (8) inite aprantisaj (IA) nan pwogram sa a. Chak inite aprantisaj sa yo asosye ak yon kategori diskou tankou : narasyon, deskripsyon, enfòmasyon, agimantasyon. Òganizasyon dapre kategori diskou a pèmèt : anseyan an mete divès tip tèks oral ak ekri devan elèv la pou li travay ; li (elèv la) konnen tout karakteristik ki koresponn ak chak kategori tèks epi reyalyze divès tach nan lang nan ki reponn ak bezwen li genyen nan domèn kominikasyon. Pa egzanp : li kapab rezime yon istwa li te tande, defann yon pwennvi, dekri yon sityasyon.

- Devlopman konpetans kiltirèl ak konesans lokal.

Pwogram etid la ap chita sou yon seri tèm sosyal ak kiltirèl ki respekte prensip ansèyman/aprantisaj lang ak kilti yo. Avèk lang matènèl la, elèv yo ap rive dekouvri poukont yo, apresye epi eksprime san baryè tout sa ki nan panse yo konsènan sityasyon anviwònman y ap evolye a, tout pandan y ap ranmase divès konesans lokal ki se pwodui milye y ap viv la menm. Bonjan rechèch ak analiz elèv yo ap fè pou yo dekouvri richès ki genyen nan zèv literè, tèks ak kilti ayisyen, kreyòl, karayibeyen ap ogmante eksperyans yo chak pi plis toujou, e sa ap ede yo vin genyen yon kilti nan literati an kreyòl ayisyen – kit se ta sou kèk mòso (ekstrè) oswa sou tèks antye yo travay.

- Devlopman konpetans nan kominikasyon.

Elèv la se yon aktè nan sosyete a ki genyen plizyè tach nan domèn lang pou li reyalize nan divès sityasyon kominikasyon. Li dwe kontinye amelyore kapasite li genyen nan domèn sa a ni lè l ap pale ni lè l ap ekri, nan nivo konpreyansyon ak pwodiksyon grase kèk sityasyon ak divès aktivite ki gen sans pou li. Tach l ap reyalize nan domèn kominikasyon yo dwe gen rapò ak kategori diskou li etidye yo. Pwogram nan mete kesyon amelyorasyon divès konpetans nan lekti ak ekriti nan yon plas ki pi enpòtan toujou. Li tabli diferans ki genyen ant langaj pale ak lang ekri epi tou, ant rejis fòmèl ak non fòmèl nan kominikasyon an kreyòl ayisyen.

KONPETANS NOU VIZE


Pwogram kreyòl la òganize suivan twa gran domèn konpetans



Nan pwogram nan, yo pa konsidere chak eleman konsènan gramè, òtograf, leksik yon fason izole, kòmsi youn pa te genyen rapò ak lòt. Yo etidye yo pou mete an aplikasyon divès abilite ki konsène twa gran domèn konpetans yo. Yo chwazi yo an rapò ak tèm nan ak konpetans espesifik pou chak inite aprantisaj. Elèv la dwe rive konprann kòman lang nan fonksyone epi sèvi avèk li kòmsadwa lè l ap reyalize kèk travay ki gen sans pou li.

Pwogram nan genyen uit (8) inite aprantisaj ki konpoze li. Chak inite aprantisaj sa yo asosye ak yon tèm sosyokiltirèl : 1. Resi, kont kreyòl ak karayibeyen ; 2. Tradisyon ak modènite ; 3. Anviwònman, vwayaj ak dekouvèt ; 4. Gason ak fanm nan peyi d Ayiti ak lòt peyi ankò ; 5. Relasyon sosyal ; 6. Enfòmasyon ak medya ; 7. Dwa sitwayen yo ak valè fondamantal yo ; 8. Sosyete ak transfòmasyon. Chak inite aprantisaj abòde yon kategori diskou byen detèmine.

Konpetans jeneral yo la pou tout inite aprantisaj yo (IA). Nan chak IA genyen abilite yo (konpetans espesifik yo), konesans ak resous lang, tèks, dokiman ak metodoloji, san nou pa bliye divès pwopozisyon aktivite ak sityasyon aprantisaj.



Fich ki prezante chak konpetans

Konpetans 1 :Konprann yon mesaj lè n ap pale, yon tèks nou li epi eksprime panse nou lè n ap pale

Prezantasyon konpetans la

Nan twazyèm sik fondamantal la, yo sèvi ak yon kòpis tèks (yon ansanm tèks yo chwazi) an kreyòl pou travay sou langaj pale a. Li gen rapò ak kategori diskou yo ak tèm kiltirèl yo etidye nan chak nivo.

Eleman ki konpoze konpetans la

- Byen koute pou konprann yon mesaj oral, yon tèks y ap li, yon diskou konplèks.
- Prezante lide santral yon diskou oswa yon tèks nou tande lè n ap pale.
- Patisipe nan echanj, konvèsasyon nan divès sityasyon kominikasyon.
- Konvèse ak lòt moun pandan n ap respekte règle ki gen rapò ak pran lapawòl.
- Mete nou alèz pou nou eksprime panse nou byen klè lè n ap pale tout pandan n ap respekte règle kreyòl ayisyen an.

Sa nou vize pou fen sik la

Elèv la ap an mezi pou li koute divès kategori diskou e nan konvèsasyon li genyen ak lòt moun, l ap kapab montre nivo konpreyansyon li lè li reponn kesyon yo poze li oswa lè li eksprime sa li panse. L ap kapab reyalize yon prezantasyon oral, sèvi ak bon jan nòt li te pran pou li repwodui ide esansyèl ki degaje nan yon mesaj nan pwòp tèm pa li.

Fason pou n evalye elèv la

Konpreyansyon tèks oral yo, idantifikasyon jan (kategori) tèks yo ak entansyon kominikasyon yo (narasyon, lodyans...).

- Bon itilizasyon resous lengwistik yo nan pwodiksyon oral
- Adaptasyon langaj la ak divès sityasyon kominikasyon
- Respè divès règle pou pran lapawòl
- Klate, fasilite pwodiksyon oral yo

Taktik nou mete sou pye pou chak elèv rive devlope konpetans la

- Tande divès tip diskou oral sou plizyè kalte sijè.

- Travay preparasyon (koutè avèk atansyon, pran bon jan nòt, ekspriye ide yo nan pwòp tèm pa w...). Fè yon rezime oswa ekspriye yon pwennvi pou ka reprann ide esansyèl ki genyen nan yon diskou.
- Etid sou rejis lang yo (familye, kouran, soutni).
- Teknik ekspresyon oral yo (anrejistremant vwa, bon pwononsyasyon, entonasyon...)

Konpetans 2 :Li, konprann, entèprete sa ki ekri ak divès kalite dokiman

Prezantasyon Konpetans la

Gras a etid leksik la, rezon sans yo, devlopman lojik ide yo (koyeans), fason eleman yo plase nan lang nan (sentaks) elèv la ap kapab konstwi kapasite li genyen pou li konprann yon lekti. Pou li rive konprann ak entèprete divès enfòmasyon ki nan yon tèks, men tou pou li rive konprann karakteristik jan literè yo ak sa ki ladan yo. Lèti gide yo ap enpòtan nan sans sa a.

Eleman ki konpoze konpetans la

- Ranfòse bon kalite lekti divès tip tèks elèv la ap fè san li pa rabache.
- Li, konprann epi entèprete zèv nan literati ayisyen ki ekri an kreyòl.
- Dekouvri epi entèprete tèks ki pale sou sijè ki gen rapò ak anviwònman sosyal ak kiltirèl pèp la.
- Dekouvri epi entèprete dokiman ki gen imaj ak grafik ladan.

Sa nou vize pou fen sik la

Nan fen twazyèm sik fondamantal la elèv la ap kapab li san gid swa zèv ki konplè oswa ekstrè nan lang kreyòl la e l ap vin pran abitid fè lekti. L ap an mezi pou li distenge divès kategori diskou ak entansyon kominikasyon. L ap gen kapasite tou pou li reprann ide santral yon tèks yo te li epi pou li fè yon kontrandi sou li.

Fason pou n evalye elèv la

Konpreyansyon ak refòmilasyon yon tèks nou te li.

- Analiz ak entèpretasyon tèm sosyokiltirèl nou te travay nan klas la.
- Konpreyansyon ak analiz estrikti gramè lang nan, sentaks ak leksik tèks nou fin li.
- Reyalizasyon rezime, kontrandi lekti.

Taktik nou mete sou pye pou chak elèv rive devlope konpetans la

- Lekti ak analiz divès tip tèks (naratif, deskriptif, enfòmatif, agimantatif).
- Etid divès rejis lang yo.
- Etid gramè tèks ak gramè fraz.
- Rechèch sou lèksik ak fòmasyon chan semantik yo.
- Dekouvri divès enfòmasyon (eksplisit ak enplisit) nan yon tèks yo li.
- Idantifye sous yon dokiman, nan ki kontèks li pwodui, ak jan li.
- Entèpretasyon chema, imaj oubyen lòt dokiman grafik ki koresponn ak yon tèks oswa yon sijè presi.
- Elaborasyon plan, rezime, kòmantè sou lekti.

Konpetans 3 :Ekri divès kalite tèks avèk yon entansyon kominikasyon byen presi

Prezantasyon konpetans la

Pou pwodiksyon ekri a, elèv la ap bezwen rasanble an menm tan zouti lengwistik yo (òtograf, vokabilè, fonoloji, sentaks...) ak eleman pou tèks yo (narasyon, deskripsyon, pòtrè, agimantasyon...). Li baze sou travay ki fèt nan lekti, nan gramè, sentaks (eskèlèt lang nan) an rapò ak tèm yo chwazi pou kou kreyòl la nan twazyèm sik fondamantal la.

Eleman ki konpoze konpetans la

- Eksprime ide yo lè n ap ekri yon fason klè e nan lòd.
- Pwodui divès kalite tèks tout pandan n ap respekte règleman òtograf ak gramè lang kreyòl ayisyen an.
- Ekri tèks pou bay enfòmasyon, espikasyon ak konsiy, pou rakonte yon istwa, eksprime sa ki nan panse nou, santiman nou ak bezwen nou.
- Byen sèvi ak règleman ekriti yo pou òganize, transkri e revize yon diskou.

Sa nou vize pou fen sik la

Nan fen sik la, elèv la ap kapab pwodui divès tip tèks byen òganize ki suiv yon dewoulman lojik e koyeran, epi ki asosye ak yon entansyon kominikasyon (rakonte, enfòmasyon, dekri, agimantasyon...). L ap an mezi pou li adapte sa l ap ekri yo ak sityasyon kominikasyon ki koresponn nan pandan pandan l ap respekte divès règleman gramè kreyòl ayisyen an.

Fason pou nou evalye elèv la

- Itilize kèk taktik pou pwodiksyon tèks yo.
- Refòmilasyon, koyerans nan fraz yo ak nan tèks yo.
- Pwodiksyon ki koresponn ak yon entansyon kominikasyon.
- Pwodiksyon byen prepare.
- Respè règ òtograf, leksik, gramè lang nan.

Taktik nou mete sou pye pou chak elèv rive devlope konpetans la

- Chwazi plizyè tèks k ap sèvi kòm modèl, divès kalite sipò didaktik (teks, imaj, son, sityasyon reyèl oswa imajinè, elatriye).
- Chwazi kèk sityasyon pou ekri k ap pèmèt nou travay sou gramè, vokabilè, òganizasyon, devlopman lojik tèks la, koyerans li.
- Sèvi ak bouyon, ak chema, elatriye, pou nou prepare ekriti tèks la.
- Egzèsis antrènman pou vin gen metriz sou divès nivo nan ekriti.

Chema ki prezante tout konpetans yo

INITE APRANTISAJ	KATEGORI DISKOU	TEM - SOUTEM	KONPETANS YO
			KONPETANS ESPESIFIK
IA1	NARASYON	Resi, kont Kreyòl ak karayibeyen - Kont Ayiti yo ak lòt kote - Fiksyon ak resi istorik - Resi pèsonèl	Koute, li epi konprann divès resi nan kilti kreyòl ayisyen an ak karayib la. K1, K2 Dekouvri pèsonaj prinsipal yo, tan aksyon yo, lye yo nan yon istwa nou li oswa nou tande. K1, K2 Rakonte ak pwòp mo pa nou, rezime epi kòmante yon istwa nou li oubyen nou tande. k1, k2, k3 Rakonte yon istwa nou te viv oswa nou te imajine lè n ap pale oswa lè n ap ekri. K2, K3 Nan komunikasyon oral, pataje ide santral yon woman, yon pyès teyat, yon resi, yon nouvèl, bann desine (liv komik), Yon sekans fim (yon epizòd). K1, K2
IA2		Tradisyon ak modènite - Kilti ak tradisyon ayisyen yo - Fèt nasyonal yo - Evènman sosyal ak kiltirèl yo	Klase yon zèv nan kilti ayisyen an suivan epòk ak kontèks yo te fè li a. K1, K2 Rakonte yon eksperyans pèsonèl lè n ap pale oubyen lè n ap ekri pandan n ap montre santiman ak emosyon nou. K1, K3 Sèvi ak yon sipò vizyèl oswa ak yon sijè yo bay pou rakonte yon istwa sou fòm ekri. K3
IA3	DESKRIPSYON	Aviwoñman, vwayaj ak dekouvèt - Divès lye ak patrimwàn kiltirèl - Kèk rejyon ak popilasyon - Lanati ak devlopman dirab	Nan yon tèks nou fin li oubyen nou fin tande, konprann epi idantifye divès eleman ki karakterize yon objè, yon lye, yon sityasyon parapò ak anviwoñman sosyal ak kiltirèl li. K1, K2 Idantifye nan ki sous yo jwenn yon dokiman ak nati li. K2 Prezante deskripsyon yon lye, yon objè, yon peyizaj ak yon sityasyon sou fòm pale ak ekri. K1, K3
IA4		Gason ak fi an Ayiti kou lòt bò dlo - Pèsonaj nan fiksyon - Pèsonalite istorik - Pèsonalite piblik	Sèvi ak yon tèks nou fin li oubyen nou fin tande pou nou idantifye ak konprann eleman ki karakterize divès pèsonaj (fiksyon, istorik), divès moun ak pèsonalite nan anviwoñman nou. (K1, K2) Dekri yon pèsonaj k ap fonksyone nan yon anviwoñman byen presi pandan n ap prezante aksyon li ak sa li reyalize, sou

			fòm oral ak ekri. K1, K3
IA5	ENFÒMASYON	Relasyon sosyal - Distraksyon ak aktivite sosyal - Relasyon moun ak moun - Kominikasyon fomèl/non fomèl	Distenge divès kominikasyon (pale ak ekri) epi adapte fason nou pale, langaj nou ak kontèks la. K1, K2, K3 Ranmase enfòmasyon nan divès sous ki disponib pou reponn yon kesyon yo poze nou. K1, K2 Sèvi ak sipò kominikasyon pou prezante enfòmasyon sou fòm pale ak ekri. K1, K3 Ekri yon lèt pou bay yon enfòmasyon, mande sa nou bezwen, eksprime yon santiman. K3 Note enfòmasyon ki pi enpòtan yo nan yon diskou enfòmatif. K1, K2
IA6		Kominkasyon ak medya - Diskou enfòmatif (ofisyèl, non ofisyèl) - Chèche enfòmasyon, trete yo epi pataje yo ak yon destinatè - Entènèt ak rezo sosyal	Sèvi ak sipò vizyèl ki adapte pou fè kontrandi rezilta yon travay nou te reyalize ansanm, yon pwojè. K1, K3 Analize epi mete lòd nan kèk enfòmasyon parapò ak yon sijè oswa yon kesyon yo te poze, ansuit asosye yo ak konesans nou te genyen deja. K1, K2, K3 Chèche enfòmasyon yo bay sou entènèt, analize yo epi sèvi ak yo pou nou anrichi diskou nou. K1, K2, K3 Pwodui divès tip tèks pou enfòmasyon moun sou yon sijè, yon sityasyon. K3
IA7	AGIMANTASYON	Dwa sitwayen ak valè fondamantal yo - Egalite ant gason ak fi - Tolerans ak viv ansanm - Libète lapawòl	Konprann e analize divès agiman yo prezante nan yon diskou sou fòm pale ou ekri. K1, K2 Konprann epi aplike pwosede pou prezante yon agimantasyon sou fòm pale ou ekri. K1, K2, K3 Prezante opinyon nou sou divès tèm ak valè inivèsèl yon fason klè, lojik epi ki konvenk moun ni lè n ap pale ni lè n ap ekri. K1, K3
IA8		Sosyete ak transfòmasyon - Pwoblèm sosyal ak mondyal - Aksyon sitwayen - Syans ak devlopman	Patisipe nan konvèsasyon sou sijè ki konsène sosyete a pandan n ap respekte règ sou fason moun pran lapawòl ak pwennvi moun k ap dialoge avèk nou an. K1, K3 Analize ide, agiman ak opinyon moun prezante ki chita sou konesans syantifik ak pwogrè teknolojik. K1, K2 Sou baz referans nan divès dokiman, konstwi yon agimantasyon konplèks lè n ap pale ak lè n ap ekri. K1, K2, K3

Pwogram detaye suivan inite aprantisaj yo

Tablo ki prezante chak inite aprantisaj yo

INITE APRANTISAJ 1 : RESI, KONT KREYÒL AK KARIBEYEN					
Konpetans nou vize :					
- Konprann yon mesaj lè n ap pale, yon tèks nou li epi eksprime panse nou lè n ap pale - Li, Konprann epi entèprete divès tip tèks - Ekri divès kalite tèks avèk yon entansyon komunikasyon byen presi					
ABILITE AK ATITID NOU DWE METE AN PLAS	RESOUS GRAMÈ	LEKSIK AK ÒTOGRAF	DOKIMAN AK TÈKS	METODOLOJI	PWOPOZISYON AKTIVITE POU APRANTISAJ OSWA POU YON SITYASYON
Koute, li, konprann tèks naratif konsènan kilti kreyòl ak karayibeyen. K1, K2 Idantifye pèsonaj prensipal yo, tan, lye ki parèt nan yon istwa nou te li oswa tandè. K1, K2 Rakonte nan pwòp tèm pa nou, rezime epi kòmante yon istwa nou te li oswa nou te tandè K1, K2, K3 Rakonte yon istwa nou te viv oswa nou te imajine ni lè n ap pale ni lè n ap ekri. K2, K3	Divès tip fraz nan lang nan. Fòm fraz yo (afimativ, negativ, anfatik...) Fraz yo ak gwoup ki konpoze yo (Gwoup Nominal Sijè, Gwoup Predika). Ponktyasyon fraz la. Makè tan yo : prezan, pase, fti Advèb tan yo (lwen, pre, isi, la, lòtbò...) Mo lyezon yo nan konstriksyon yon resi (donk, poutan, malgre, konsa...)	Alfabè kreyòl ayisyen an Règ ekriti kreyòl ayisyen an Rapò ak asosyasyon fonèm/grafèm/grafi (son/lèt) Alfabè Fonetik Entènasyonal la (AFE) Wòl AFE a nan transkripsyon yon lang Asosyasyon son avèk Y ak W Konstitisyon yon rezo leksikal grasa yon tèm yo bay nan yon tèks oral ak ekri... Ranplasan leksikal ak nominal yo nan konstriksyon yon resi (tèm ak repriz)	Gwoup tèks ki gen dominans naratif konsènan kilti kreyòl ak karayibeyen : Kont, woman, nouvèl, chante, teyat, pwezi an antye e/ou ekstrè... Lèt sipò ankò : Dokiman odyo e/ou videyo (fim, kont yo pase nan radyo...)	Lekti divès kalite tèks : aktivite pou yon bon pwononsyasyon, diksyon, metriz nivo vitès ak volim vwa a, tenm li... Eleman literè yo : fiksyon/realite, mèveye, pèsonaj, ewo, chema naratif... Konstriksyon konpreyansyon an : - Pataj ide pou bay enpresyon nou sou yon lekti ; - idantifikasyon tèm nan, chema naratif la, fason pèsonaj yo evolve nan resi a ak rapò yo youn ak lòt ; Aktivite ekriti : - pran bon jan nòt pou reyalize yon kontrandi, fè yon plan... ; - Mete ide yo – eleman ki nan plan an sou fòm paragraf ; - Pwosede repriz nominal ak pwonominal konsènan aktè/sijè nan yon istwa...	Prezantasyon yon resi, yon istwa nou te li oubyen nou te tandè, yon fim, sou fòm pale ak ekri. Pwodiksyon tèks naratif byen kout oswa byen devlope sou divès sijè nou chwazi. Reyalizasyon kaye oswa kanè lekti, tablo afichaj k ap ede nou kenbe tèks ak liv nou fin li yo nan memwa nou. Pwojè ekriti pou chak elèv oubyen an gwoup.
Fason pou n evalye elèv la :					
- Sèvi ak bann desine (liv ti komik) ak planch narativ pou prezante yon istwa lè n ap pale. - Rakonte yon istwa ou te viv oubyen ou imajine sou fòm ekri. - Fè kontrandi yon fim istorik, yon kont popilè.					

INITE APRANTISAJ 2 : TRADISYON AK MODENITE

Konpetans nou vize :

- Konprann yon mesaj lè n ap pale, yon tèks nou li epi eksprime panse nou lè n ap pale
- Li, Konprann epi entèprete divès tip tèks
- Ekri divès kalite tèks avèk yon entansyon komunikasyon byen presi

ABILITE AK ATITID NOU DWE METE AN PLAS	RESOUS				PWOPOZISYON AKTIVITE APRANTISAJ (REYALIZASYON MINI PWOJÈ)
	GRAMÈ	LESIK AK ÒTOGRAF	DOKIMAN AK TÈKS	METODOLOJI	
Lè n ap pale, rapòte ide santral yon woman, yon pyès teyat, yon resi, yon bann desine, yon nouvèl. K1, K2 Klase yon zèv nan kilti ayisyen an parapò ak epòk li te fèt la ak kontèks li. K1, K2 Lè n ap palè e lè n ap ekri, rakonte yon eksperyans pèsonèl ki eksprime santiman ak emosyon nou. K1, K3 Rakonte yon istwa ekri sou baz yon sipò vizyèl oswa yon sijè yo bay. C3	Pwonon yo (pèsonèl, demonstratif, posesif, nimeral, entèwogatif, relatif, endefini) Pwonon yo nan divès gwoup nominal (GN) ak gwoup predika (GP). Mak sengilye ak pliryèl nan detèminan yo Fraz senp yo Eleman ki konpoze gwoup nominal (senp ak elaji) yo Ekspansyon fraz la : Gwoup prepozisyonèl (Gprep) ak Gwoup advèbyal (Gadv)	Pwovèb tradisyonèl ayisyen yo. Divès ekspresyon nan lang kreyòl ayisyen an. Eleman leksikal nan tèks naratif an kreyòl ayisyen ak kreyòl antiyè (Matinik, Gwadeloup, Giyan...) Konparezon tèks (gafi ansyen ak gafi ki la kounye a). Anpren yo (mo prete ki soti nan anglè, espanyòl, franse...). Egz : Mabi, baskèt, alawonnbadè, chany, de kabès, tyentyen, wikenn, marasa... Itilizasyon son R ak W Konbinezon son avèk U ak W Wòl semivwayèl yo (y, ui, w) Distenksyon fonetik grasa aksan « ' » (an/àn)	Gwoup tèks naratif : kont, woman, bann desine (liv ti komik), telewoman, koumetraj (seri, feyton), nouvèl, teyat, fab, pwezi konplè e/ou ekstrè... Lòt sipò ankò : dokiman odyo e/ou videyo (fim, kont yo pase nan radyo, chante, lodyans...)	Analiz tèks : - Lòd sekans yo / chema aktansyèl... -ide prensipal ak ide segondè, mo ak ekspresyon kle, plan... -tan vèb yo, chan leksikal yo, deziyasyon ak repriz tèm yo sou fòm anafò / sijè, pèsonaj, lye... (non, pwonon, adjektif kalifikatif yo...) - Pran bon jan nòt, fòm grafik/kat konseptyèl - Konparezon divès kalite tèks (tematik, chema ak estrikti naratif, chan leksikal yo...) - Anrichisman fraz yo, refòmilasyon yo, Transfòmasyon oubyen adaptasyon tan predika yo... - Adaptasyon tèks ansyen yo ak vèsyon kreyòl ayisyen yo sèvi kounye a (òtograf, vokabilè, sentaks...).	Prezantasyon yon fim, yon woman, yon nouvèl an ti gwoup oubyen youn apre lòt. Pwodiksyon tèks sou baz slogan, pwovèb, sitasyon... Reprezantasyon divès tèm sou fòm pyebwa (graf), chema ki reprezante divès chan leksikal. Deba sou valè tradisyonèl yo fè pase nan yon tèks (ekstrè woman, pyès teyat, bann desine...). Reyalize ekspoze, fè prezantasyon ki gen rapò ak tèm tradisyon ak modènite.

Fason pou n evalye elèv la :

- Sèvi ak yon kont oswa yon pwovèb pou prezante yon istwa sou fòm pale e/ou ekri
